

Prensip ak Eritaj Jwif

An 1938, lè Olokos t ap ravaje Lewòp, yo te kreye Sèvis Vokasyonèl Filantwopi Asosye Jwif yo nan Boston (ki rele CJP kounye a) pou ede refijye jwif yo ki te chape anba pèsekisyon nazi nan peyi Almay vin gen konpetans, jwenn travay, kontinye karyè yo epi kòmanse bati yon lavi tounèf nan Etazini. Pandan tout 75 lane egzistans li, yon seri prensip debaz jistis sosyal, diyite chak moun, ak enpòtans travay, ki menmsi yo inivèsèl, anrasinen byen fon nan ansèyman tradisyonèl Jwif yo, te prensip ki te gide sèvis ak misyon Sèvis Vokasyonèl Jwif la. Prensip jwif ki nan JVS yo enpòtan pou konprann ak eklèsi, paske yo se eritaj kominote jwif la kite pou nou, pou enspire reyònman ak sèvis nou bay moun ki sot toupatou ki gen tout idantite. Misyon Sèvis Vokasyonèl Jwif nan kominote jwif la ak nan kominote rejyon metwopolitèn Boston an chita sou fondasyon plizyè prensip debaz enpòtan:

Tikkun Olam – Reparasyon Lemonn

Yon konsèp kle nan lavi Jwif yo sèke nou dwe travay ansanm avèk tout moun pou reyalize “Tikkun Olam” – reparasyon monn ki fin kraze nou an. Jan filozòf kontanporen Raben Jonathan Sacks ekri, "Toutotan gen grangou, povrete ak maladi doktè kapab trete nan monn lan, gen travay pou nou fè. Toutotan nasyon yo ap goumen, youn rayi lòt, epi kòripsyon ap swiv koridò pouvwa a; toutotan gen chomaj ak moun ki sanzabri, depresyon ak dezespwa, travay nou poko fini, epi n ap tandè vwa Bondye k ap mande nou, jan Li te mande premye imen yo 'Kote nou ye'?"

Prensip Tzedakah

Yo tradui Tzedakah souvan kòm “charite”, menmsi li gen yon siyifikasyon ki pi laj epi li soti nan mo ebre ki vle di "jistis" oswa "ladwati." Ekselan Jwif, saj Maimonides ki t ap viv pandan 12zyèm syèk la, te anseye ke gen uit degre tzedakah, youn pi wo pase lòt. Degre ki pi wo a se degre moun ki ede yon lòt moun jwenn travay, ede retire yon lòt moun nan depandans ak povrete pou li vin gen otosifizans endepandan. Objektif patikilye JVS sou "konpetans, djòb ak karyè" anrasinen nan ansèyman sa a sou valè ak diyite travay.

Prensip Renmen Etranje a

Istwa JVS nan bay konpetans, djòb ak karyè pou Jwif yo ak lòt imigran yo gen yon narasyon ki enpòtan ak itil anpil, sa ki montre ansèyman ki anrasinen byen fon nan tradisyon Jwif nou an,



ak pwòp eksperyans nou kòm yon kominote imigran nan Etazini, ki ede nou konprann difikilte lòt imigran yo.

Pa egzanp, se ni pa yon fwa ni de fwa, men anpil fwa Senk Liv Moyiz yo (Torah) lè y ap rakonte pwòp istwa esklavaj ak opresyon nou kòm Jwif, kòmande nou: "ou pa dwe oprime etranje, paske gen yon lòt ou te etranje tou." Konsa, yo mande nou pou n "renmen etranje ki pami nou an." Saj nou yo entèprete mo "etranje" a tankou li vle di "moun ki fèk vini, refijye, oswa yon moun ki pa fè pati popilasyon òdinè a- yo tout se atribi ki te make eksperyans jwif la pandan anpil ane. Se yon repons pou eksperyans komen sa a ki fè JVS ap travay pou akeyi ak soutni "etranje" a, kit li se yon imigran, yon refijye, yon moun ki touche revni ba, yon travayè ki nan chomaj oswa yon moun ki andikape.